

ABSTRAK SUNDA

Sindanita Yulianty. 2017. Keanekaragaman jeung Kelimpahan Coleoptera di Pantai Sindangkerta Kecamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya. Diaping ku Drs. H. Ahmad Mulyadi, M.Pd. jeung Drs. Suhara, M.Pd.

Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun data ngeunaan rupa-rupa jeung ngaleuyana Coleoptera di Pantai Sindangkerta Kecamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya. Panalungtikan dilaksanakeun dina kaping 16 nepi ka 19 Mei 2017. Padika ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Desain panalungtikan anu digunakeun nya éta Belt Transect-Quadrat anu panjangna 250 meter anu diwangun ku genep setasion, jarak antar setasion nya éta 50 meter. Unggal setasion diwangun ku genep kuadrat, jarak antar kuadrat nya éta 10 meter. Sampel dibawa ngagunakeun métode Pit Fall Trap, Beating Tray dan Direct Sweeping. Dimeunangkeun 22 Coleoptera anu kaasup kana 17 spésiés tina 2 Sub Ordo, 9 famili jeung 16 génus. Spésiés anu dimeunangkeun nya éta Alphitobius laevigatus, Anaspis sp., Aphodius gissaricus, Aphodius sp., Aulacophora hiliaris, Chalcosoma atlas, Chrysolina oricalcia, Coccinella undecimpunctata, Creophillus sp., Falsomordellistena discolor, Lebia sp., Micraspis lineata, Neocrepidodera ferruginea, Omorgus suberosus, Onthophagus taurus, Paratomoxia sp., jeung Podagrica fusciformis. Data pangrojong anu diukur nya éta paktor klimatik nu ngawengku suhu udara, kelembapan udara, jeung intensitas cahaya. Data pangrojong diolah kalawan Regresi Linier Berganda dina program IBM SPSS pikeun mikanyaho pangaruh tina paktor klimatik kana keanekaragaman jeung kelimpahan. Nilai kelimpahan spésiés anu pangluhungna dina spésiés Anaspis sp., Chalcosoma atlas, Falsomordellistena discolor, Micraspis lineata, jeung Neocrepidodera ferruginea nya éta 2 individu/m² sedengkeun spésiés séjénna miboga kelimpahan 1 individu/m². Rata-rata nilai Indéks Keanekaragaman nya éta 1,111, hal ieu nembongkeun yén keanekaragaman Coleoptera di Pantai Sindangkerta Kecamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya kaasup kana kategori sedeng.

Kecap konci : Kelimpahan, Keanekaragaman, Coleoptera